



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TRAVO KONSTRIKSYON SOU SANTYE ANKOMEN JONES BEACH LA, K AP KOUTE 3.5 MILYON DOLA E K AP KÒMANSE SEZON LIVÈ SA A

Santye pou Bisiklèt ak Pyeton an ap Pèmèt yon Nouvèl Fason pou Rezidan ak Vizitè Jwi Long Island Beach, ki Popilè anpil, e l ap Konekte avèk Rejyon Prensipal lan ak lòt Pak Leta yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse travo konstriksyon ap kòmanse nan sezon livè sa a, sou Santye Ankomen Jones Beach; se yon pwojè 3.5 milyon dola ki pral amelyore aksè pou bisiklèt ak pyeton nan Long Island ak youn nan plaj ki pi popilè li yo. Epiyou nouvo pwojè sa a konplete plis pase 25 milyon dola pou travo enfrastrikti adisyonèl k ap fèt sou wout nan zòn Jones Beach pou ede fasilite trajè e pou amelyore sekirite sikilasyon an nan Long Island.

“Jones Beach se youn nan pak leta moun pi renmen nan New York, e nouvo santye sa a pral konekte moun k ap kouri, k ap mache, e k ap monte bisiklèt avèk plizyè mil rekreyasyon ak sab blan sou Oseyan Atlantik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Atravè kokennchenn envèstisman sa a nan enfrastrikti nou an, New York pa sèlman modènize wout, pon, sistèm ray ak èpòt, men egalman li amelyore santye pou lwazi yo, pou ede Jones Beach ak lòt trezò natirèl vin pi aksesib pou tout moun.”

Sou South Shore Long Island lan, nouvo Santye Ankomen Jones Beach lan pral konekte avèk Santye Ankomen Ocean Parkway Greenway, toupre East Bathhouse nan Jones Beach. Sou bout lwès la, nouvo santye an pral konekte Greenway an pasan pa seksyon k al alès nan Bay Parkway ak Jones Beach Boardwalk. Y ap plante plant ki apwopriye pou laplaj tou, epi enstale ratelye bisiklèt toutolon santye an, ansanm avèk pankat ak limyè sikilasyon.

Y ap bati santye pave sa a, ki mezire apeprè 7.24 kilomèt, sou kontra avèk Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York, an kolaborasyon avèk Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York. Travo konstriksyon ki vizib sou santye an ap kòmanse nan sezon livè sa a. Finisman pwojè a prevwa pou ete 2019.

Pou ranfòse enfrastrikti e amelyore sekirite trajè rezidan ak vizitè nan tout Long Island, DOT ap kontinye fè plis renovasyon sou wout yo, sa ki gen ladan wout ki antre-soti nan

Jones Beach. Ponlevi ki sou Meadowbrook State Parkway e toupre Loop Parkway prezantman fè pati yon pwojè antretyen 22.5 milyon dola ki ta sanse fini nan prentan 2019. Ekip yo ap travay sou bato chale pou ranplase asye sou pilye, trave ak ankadreman pon yo, pou renove mekanis pou bloke pave an, ki pou kenbe pon an san danje. Y ap travay tou pou amelyore sistèm kontwòl pou motè, fren, ak ekleraj.

Moun ki t al laplaj yo gen dwa te remake tou nouvo moniman ki te akeyi yo nan Jones Beach, sou Wantagh State Parkway ak Ocean Parkway, pandan ete ki sot pase a. Yo te bati de bèl nouvo estrikti an wòch nan kad vizyon Gouvènè Cuomo pou amelyore bèl kote sa a, pou touris e pou moun ki renmen plaj nan Long Island.

Anplis de sa, byento, lè y ap kite Jones Beach, otomobilis yo pral wè nouvo panno modènize, ki afiche mesaj ki chanje, sou Meadowbrook State Parkway, toupre Loop Parkway, avèk teknoloji LED ak nouvo lantiy fizyone ki pral rann panno yo pi fasil pou li lè yo montre alèt aksidan, dire trajè yo, ak lòt mesaj enpòtan. Sa a se sèlman yon pati nan pwojè 3.9 milyon dola pou ajiste yon ka nan panno ki afiche mesaj ki chanje, sou 13 nan otowout Long Island yo, sa ki pwograme pou fini prentan pwochen.

“Gouvènè Cuomo konnen transpò se youn nan fason pou pèmèt mobilite ak kwasans ekonomik lokal, e se sa envestisman sa yo k ap fèt san rete nan Jones Beach, pèmèt egzakteman”, **te deklare Komisyonè Depatman Transpò Eta la, Paul A. Karas.**

“Depatman Transpò Eta a kontan pou l kolabore avèk Biwo Eta a pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik, sou Santye Ankomen Jones Beach, pou ofri yon lòt fason pou moun Long Island ak envite yo jwi bèl atraksyon touristik Long Island sa a.”

“Pwojè Santye Ankomen Jones Beach la ap bay rezidan ak vizitè yo yon altènatif ki pi fasil e ki pi aktif, pou eksplòre e konekte avèk youn nan pi bèl destinasyon ki genyen nan Long Island”, **Rose Harvey, Komisyonè Pak Leta yo te di.** “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo, poutèt angajman san souf li pran pou ofri pi bon opòtinite ki genyen pou lwazi, lè li revitalize pak nou yo nan Long Island e nan tout eta a.”

Senatè John Brooks te di, “Kòmansman travo konstriksyon sou Santye Ankomen Jones Beach la esansyèl pou amelyore eksperyans moun ki pral nan lanmè pandan tout ane an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li envesti nan pwojè sa a pou ede konekte rezidan ak vizitè yo avèk youn nan plaj ki pi popilè nou yo, e ofri yo pi bon opòtinite pou rete aktif e an sante pandan y ap jwi tout sa Eta New York ofri yo”.

David McDonough, ki se Manm Asanble, te deklare, “Mwen kontan travo konstriksyon sa yo pral kòmans paske se pral yon gwo amelyorasyon Santye Ankomen Jones Beach; plizyè pyeton ak moun k ap monte bisiklèt pral itilize santye an e jwi li”.

N’ap fè otomobilis yo sonje ke kontravasyon yo double lè yo depase vitès limit nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo anile lisans yon moun.

Pou jwenn dènve enfòmasyon sou vwayaj, rele 511 oswa vizite www.511NY.org, oswa sit mobil nou an nan m.511ny.org. Swiv DOT Eta New York sou Twitter: @NYSDOTLI. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418